

Estanda sou Sekirite

MA



Estanda Faz 3 sa yo pibliye pou aktivite gòlf ki fèt deyò ak nan etablisman ki gen rapò yo (egzanp., pro shop, clubhouse). Aktivite gòlf andedan tankou aktivite gòlf andedan ta dwe swiv gid sou rekreyasyon andedan, disponib sou [Sit entènèt Plan Re-ouvèti a](#)

Sektè spesifik sa yo nan COVID-19 sou sekirite nan plas travay te pibliye pou etabli yon etanda minimòm pou nenpòt aktivite andedan ak deyò (tankou yon maryaj, fèt, elatriye.), ki pa adrese spesifikman pa etanda sou sekirite sektè-spesifik COVID-19.

Okenn aktivite pa dwe fèt andedan oswa deyò san yo pa satisfè etanda sekirite COVID-19 nan plas travay la. Estanda sa yo aplike pou tout konpayi yo ki otorize pou fonksyone jiskaske yo anile oswa modifiye pa Eta, sof lè etanda sektè-spesifik yo aplikab an pati oswa nan tout aktivite konpayi an, nan ka sa a konpayi yo dwe swiv etanda sektè spesifik sa yo. Pwopriyete konpayi an ap responsab pou reponn a etanda sa yo. Aktivite andedan ak deyò yo gen ladan men li pa limite nan aktivite ki te òganize nan:

- Espas aktivite andedan ak deyò
- Sal bal
- Sal bal prive
- Plas piblik, tankou pak yo

Yon aktivite ki te fèt pou rezon prensipal pou gade yon pèfòmans dwe swiv direktiv Lokal Pèfòmans ak Teyat la.

Lokal aktivite ki gen gwo kapasite ansanm avèk aktivite ki òganize pou anpil moun ap kontinye rete fèmen jiska Faz IV. Sa a gen ladan plas ki itilize pou gwoup oswa espektatè espòtif, amizman, biznis ak aktivite kiltirèl sa ki gen ladan :

- Estad, arèn, ak sal bal
- Pis dans
- Sal ekspozisyon ak konvansyon
- Festival ak parad nan lari ak festival agrikòl
- Kous sou wout ak lòt gwo aktivite espòtif, evènman espòtif amatè oswa gwoup pwofesyonèl

ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE



DISTANS SOSYAL

Chak operatè nan yon aktivite andedan dwe kontwole antre ak sòti vizite yo, ak limite kantite moun an toutan nan :

- 8 moun pou chak 1,000 pye kare aksesib, espas planche andedan, ak pa plis pase 25 moun
- 25% nan maksimòm okipasyon etablisman an ki otorize jan li dokimante nan dosye pèmi okipasyon I avèk depatman bilding minisipal oswa lòt detantè, ak pa plis pase 100 moun
- Etablisman yo ki pa gen limit pèmi okipasyon otorize nan dosye ka kite 8 moun pou chak 1,000 pye kare espas aksesib, ak pa plis pase 100 moun
- Tout chif ak kalkil okipasyon dwe enkli vizite, anplwaye, ak lòt travayè yo
 - Asire separasyon nan 6 pye oswa plis ant moun yo
- Fèmen oswa rekonfigire espas komen pou travayè ak zòn wo dansite yo kote travayè yo siseptib pou rasanble (egzanp., sal repo, ak zòn pou manje) pou pèmèt distans sosyal
- Separatè fizik yo dwe separe estasyon travay yo ki pa kapab espase (separatè yo dwe omwen 6 pye nan wotè)
- Pou kliyan yo ki an kontak avèk konpayi yo, enstale makè distans sosyal vizyèl pou ankouraje kliyan yo pou rete 6 pye apa (egzanp., liy pou fè peman, liy pou itilize twalèt) ak baryè fizik pou estasyon kès yo kote sa posib
- Sal makè ak koulwa pou endike separasyon 6 pye

Vire lè travay ak poz manje pou travayè yo, règleman kantite moun maksimòm nan yonsèl kote, ak asire omwen distans fizik 6 pye

Egzije kouvri figi pou tout travayè ak patisipan yo, sof lè yon moun pa ka mete yon mask pou kouvri figi akòz yon kondisyon medikal oswa andikap



PWOTOKÒL IJYÈN

Asire aksè nan etablisman pou lave men sou sit la, sa ki gen ladan savon ak dlo, epi akòde sifizaman tan poz pou travayè yo lave men yo souvan; yo ka itilize kòm yon altènativ dezenfektan pou men a baz alkòl avèk omwen 60% alkòl

Bay travayè yo nan lokal plas travay yo pwodui netwayaj adekwat (egzanp., dezenfektan, sèvyèt dezenfektan)

Afiche siy vizib nan tout sit la pou fè travayè ak kliyan yo sonje sou pwotokòl sekirite ak ijyèn

Dezenfektan pou men a baz alkòl avèk omwen 60% ta dwe disponib nan antre, sòti yo ak nan tout zòn planche yo pou alafwa travayè ak kliyan yo

Evite pataje ekipman ak founiti ant travayè yo

Dezenfekte ekipman pataje yo anvan yon lòt anplwaye itilize yo

Entèdi tout kontak mityèl nan manyen ekipman ant kliyan owa travayè yo san dezenfeksyon ant itilizasyon yo


Mande ke nenpòt ekipman ki pa kapab dezenfekte ant itilizasyon pou yo soti nan sèvis pou 24 èdtan anvan yon lòt kliyan kapab itilize l



ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE

Bay travayè yo fòmasyon sou enfòmasyon sekirite ajou ak prekosyon sa ki gen ladan ijyèn ak lòt mezi sekirite ki vize nan redwi transmisyon maladi, sa ki gen ladan:

- Distans sosyal, lave men, itilizasyon apwopriye nan kouvri figi
- Oto depistaj nan kay, sa ki gen ladan tcheke sentòm ak tanperati
- Ranfòse ke anplwaye ki malad pa ta dwe vini travay
- Kilè pou chèche atansyon medikal si sentòm yo vin grav
- Ki kondisyon sante kache ki kapab rann moun nan pli siseptib pou kontrakte ak soufri de yon ka viris maladi grav



PÈSONÈL & OPERASYON

Ajiste lè ak orè travay yo (ekip kap travay la avèk diferan orè oswa chanje arive/depa) pou redwi kontak ant travayè yo ak redwi konjesyon

Travayè yo pa ta dwe vin travay si yo santi yo malad

Si yo enfòm anplwayè a sou yon ka pozitif nan plas travay la, anplwayè a pral enfòm Komisyon Sante lokal (LBOH) epi travay avèk yo pou trase siseptib kontak nan plas travay la epi enfòm travayè yo pou izole ak mete tèt yo an karantèn. Yo ka mande pou lòt travayè yo fè tès ki konsistan avèk gid ak/oswa sou demann LBOH

Afiche avi pou travayè ak kliyan yo sou enfòmasyon sante enpòtan ak mezi pou sekirite jan li endike nan [Direktiv sou Sekirite Estanda nan Plas Travay Commonwealth la](#)

Kenbe yon journal pou travayè ak kliyan yo pou sipòte posiblite nan retrace kontak (non, dat, lè, enfòmasyon kontak) si nesèsè Keseswa ou chita oswa kanpe, patisipan yo pa ta dwe rasanble nan gwoup ki gen plis pase 6 moun

Retire ekipman ki pa nesèsè (magazin, dlo oswa kafe pou kliyan yo, fèmèn chanm pou mete manto, elatriye.) nan sal datant oswa lòt zòn komen yo

Ekipman ak sèvis siplemantè sou sit la pa kapab ouvè ak fonksyone lè ekipman oswa sèvis ki ta otreman otorize pou jere anba Plan Faz Re-ouvèti Commonwealth e apres a ou dwe konfòme avèk tout pwotokòl sou sekirite sektè spesifik, disponib sou [sit entènèt Plan re-ouvèti](#), aplikab avèk ekipman oswa sèvis. Egzanp yo gen ladan:

Sèvis Manje: Dwe swiv dènye gid restoran, a kondisyon toutfwa ke bifè yo avèk pèsonèl ansanm avèk sèvis manje otorize. Bifè sèvis lib

ak san siveyans, ba a ganiti, estasyon bwason, ak lòt zòn sèvis kominal yo dwe rete fèmèn

- Ba: Dwe rete fèmèn jis nan Faz 4, a kondisyon toutfwa ke sèvis yo dwe founi sèvis bwason
- Mizik ak lòt pèfòmans: Dwe swiv dènye direktiv sou lokal pèfòmans ak teyat la, sa ki gen ladan distans ant pèfòmè yo ak ant pèfòmè ak patisipan yo. Pèfòmans nan lokal andedan yo ka pa gen ladan chante oswa jwe enstriman a van oswa enstriman a kwiv
- Mizik ak lòt pèfòmans yo: Dwe swiv dènye konsèy sou lokal teyat ak pèfòmans yo, sa ki gen ladan distans ant atis ak patisipan yo. Nenpòt atis ki soti nan lòt eta yo dwe swiv **òdonans vwayaj aktyèl andeyò eta**, Commonwealth la. Pèfòmans nan lokal andedan yo ka pa gen ladan chante oswa jwe enstriman kwiv oswa van
- Yo ankouraje operatè lokal aktivite yo pou yo ankouraje kliyan yo sou **òdonans vwayaj aktyèl andeyò eta**, Commonwealth la ak pou ankouraje yo pou enfòm nenpòt envite andeyò eta sou òdonans lan. Yo ankouraje operatè lokal aktivite yo pou afiche enfòmasyon sou sitwèb yo osijè egzijans pou vwayajè andeyò eta yo.
- Pis dans: Dwe rete fèmèn jis nan Faz 4

Rekòmande pi bon pratik yo

Yo ta dwe ankouraje travayè yo ki gen yon risk pi elve nan COVID-19 dapre Sant pou Kontwòl Maladi pou rete lakay yo oswa re-asiyen travay yo pou redwi kontak avèk lòt anplwaye ak patisipan yo

Ankouraje travayè yo pou yo idantifye sentòm yo poukont yo oswa nenpòt kontak pwòch avèk yon moun yo konnen oswa sispèk ki genyen COVID-19 bay anplwayè a

Ankouraje travayè yo ki teste pozitif pou COVID-19 pou yo divilge bay anplwayè nan plas travay la pou rezon netwayaj/ dezenfekte ak retrace kontak.



NETWAYAJ & DEZENFEKSYON

Fè netwayaj ak dezenfeksyon souvan sou sit la (omwen chak jou ak pi souvan si posib)

Kenbe journal netwayaj la ki gen ladan dat, lè, ak nivo netwayaj

Dezenfekte souvan zòn ki gen anpil transpò yo ansanm avèk sifas yo manyen anpil yo (egzanp., manch pòt, charyo, twalèt)

Sizoka gen yon ka pozitif, fèmèn sit la pou yon dezenfeksyon ak netwayaj apwofondi nan plas travay la annakò avèk gid aktyèl CDC a

Rekòmande pi bon pratik yo

Ouvè pòt ak fenèt yo pou ogmante sikilasyon lè kote sa posib